



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN DIREKTÈ BIWO PREVANSYON KONT VYOLANS AK ZAM ETA NEW YORK LA

Nan kad ajanda Gouvènè a pou anpeche ak redui vyolans ak zam nan tout Eta New York.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Calliana S. Thomas kòm Direktè Biwo Prevansyon kont Vyolans ak Zam Eta New York. Nan kad aksyon Gouvènè a pou anpeche ak redui vyolans ak zam atravè Eta New York, OGVP pral idantifye ak reyini patnè kle yo nan kominote a ak lapolis pou idantifye mezi ki kapab pran pou bese vyolans ak zam nan Eta New York. Sitiye nan Sant pou Sante Kominotè Depatman Sante a, OGVP pral kolabore avèk Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl ak lòt ajans nan Eta a pou kowòdone efò yo epi dirije resous yo nan pwèn cho kote vyolans ak zam egziste epi ap fè sifas. Madam Thomas antre nan ekip la avèk gwo eksperyans sou prevansyon vyolans ak zam, jesyon pwojè, lidèchip ak sèvis devlopman pou jèn.

"Pran gwo mezi kont vyolans ak zam egzije yon apwòch ki gen plizyè aspè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Calliana S. Thomas se yon fonksyonè piblik devwe ki pral yon resous enpòtan nan efò nou yo pou konbat kriz sante piblik la, konbat vyolans ak zam ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

Yon ansyen rezidan Harlem, Madam Thomas gen rasin pwofon nan kominote dinamik Vil New York yo; li konnen ke leve vwa kominote a se pi bon ak sèl fason pou pote chanjman ki global, gen enpak ak pozitif. Anvan li antre nan administrasyon sa a, Madam Thomas te Direktè Asistan Asistans Teknik nan William Julius Wilson Institute for Harlem Children's Zone, kote li te deplwaye efò ki vize elaji pwogram depi nan bèso rive nan karyè nan nivo nasyonal. Pandan sèt ane travay li yo nan Pwogram Prevansyon kont Vyolans nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC la, Madam Thomas te kowòdone avèk ajans gouvènman an yo pou kolabore avèk manm nan kominote a, lidè ak òganizasyon nan katye yo pou sipòte prevansyon kont vyolans ak zam nan senk minisipalite. Li te kòmanse karyè li nan Harlem's Minisink Townhouse, nan jere pwogram devlopman jèn ak jistis restoratif.

Madam Thomas te patisipe nan Pwogram apre bakaloreya nan Syans Pre-Medikal nan Inivèsite Columbia nan Vil New York epi te jwenn diplòm (B.S.) nan Sikoloji nan Inivèsite Eta Georgia an 2008.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418